FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT

TRANZISYON POU SOTI NAN YON MEZON RETRET AK SWEN NAN FLORIDA POU RETOUNEN NAN KOMINOTE A



Si ou sou Mediked epi ou viv nan you etablisman lisansye pou swen enfimyè kalifie nan Florida pou o mwen 60 jou konsekitif, ou kalifye pou ou genyen priyorite pou enskri nan Egzanpsyon Swen a Lon Tèm Mediked (LTC), yon pwogram ki bay sèvis lakay ak sèvis kominotè pou tout moun ki elijib.

KOMAN POU OU MANDE TRANZISYON NAN KOMINOTE A

An jeneral, gen yon lis datant pou Egzanpsyon LTC a. Sepandan, si ou te viv nan yon etablisman swen infimyè pandan 60 jou konsekitif, ou pap bezwen yo mete non ou sou yon lis datant. O kontrè, ou ta sipoze anrejistre otomatikman nan pwogram LTC a, epi resevwa èd pou chwazi plan ki pi bon pou ou.

Kontakte manedjè Plan Swen Jere Mediked ou an pou fè demand tranzisyon ou ak Depatman Zafè granmoun Aje (DOEA). Pwofesyonèl medikal lisansye ou dwe ranpli fòm Sètifikasyon Medikal AHCA epi ekip DOEA CARES la pral itilize li pou detèmine si ou elijib medikalman pou EgzanpsyonLTC a.

Lè yo wè ke ou kalifye, manedjè ka ou ap ede ou devlope yon plan swen pèsonèl k'ap genyen sèvis a domisil ak kominotè.

OU PA BEZWEN:

- Ranpli premye pwosesis seleksyon an
- Patisipe nan pwosesis list datant lan

Ou ka mande plan ou **Opsyon pou Direksyon Patisipan** pou ou ka chwazi pwòp moun k'ap ba ou swen lakay: yon manm fanmiy ou, zanmi, pwofesyonèl medikal ou fè konfyans, vwazen, eksetera.

OU KA RESEVWA SEVIS A DOMISIL AK SEVIS KI BAZE NAN KOMINOTE SA YO:

- Swen pou moun aje
- Swen Sante pou granmoun pandan Lajounen
- Asistans pou Swen
- Asistans a domisil
- Swen ak asistans Enfimyè
- Jesyon Kompòtman
- Fòmasyon Mou k'ap Bay Swen
- Jesyon Ka
- Adaptasyon aksè a Domisil
- Livrezon Repa a Domisil
- Netwayaj
- Swen de tanzantan ak swen espesyal ak Enfimyè
- Ekipman ak founiti Medikal
- Jesyon Medikaman
- Evaliasyon Nitrisyonèl
- Swen Pèsonèl
- Sistèm Repons pou Ijans
- Swen pou Repo
- Terapi
- Transpò Pou Jwenn Sèvis

Si ou poko anrejistre nan Mediked ou byen ou pa genyen yon manedjè ka, ou ka aplike pou Egzanpsyon LTC a lè ou rele **Liy Asistans pou Granmoun** nan **1-800-96 ELDER** (1-800-963-5337).

SOUPLE KONTAKTE NOU SI OU GEN PWOBLEM POU APLIKE POU EGZANPSYON LTC A